



Plon

Enfòmasyon sou Mèt Pwopriyete a

Mizajou 25/3/26

Kisa Lwa sou Plon nan Massachusetts la ye?

- Lwa sou Plon an mande pou yo retire oswa kouvri tout penti ki gen plon ki prezante yon danje nan nenpòt kay ki konstui anvan 1978 kote yon timoun ki poko gen 6 lane ap viv.
- Mèt kay yo ak mèt pwopriyete yo responsab pou yo konfòme yo ak Lwa sou Plon an. Yo oblije asire yo pa gen plon nan kay la, sa ki ka reprezante yon danje, si yon timoun ki poko gen 6 lane ap viv ladan l.

Kòman m ap fè konnen si gen plon nan pwopriyete mwen an?

- Pwogram Prevansyon Kont Anpwazònman ak Plon Lakay Timoun Massachusetts anrejistre istorik plon nan kay ak nan gadri ki konstui anvan 1978. Konsilte istorik la sou mass.gov/info-details/find-your-homes-lead-history.
- Si pwopriyete ou te konstui anvan 1978, li ka gen plon ladan l. Mande yon enspektè plon prive oswa youn ki nan Pwogram Prevansyon Kont Anpwazònman ak Plon Boston pou li enspekte pwopriyete ou a.
- Verifye si liy sèvis lakay ou a te fèt ak plon lè w konsilte kat jewografik liy sèvis ak plon Komisyon Dlo ak Tourego Boston sou www.bwsc.org oswa lè w rele 617-989-7888.



Èske mwen ka refize lwe yon moun oswa mete yon moun deyò nan pwopriyete mwen an paske gen plon ladan l?

Non. Dapre lwa Massachusetts ak Lwa Federal sou Lojman Ekitab, ou PA KA refize lwe lokatè oswa mete lokatè aktyèl yo deyò si yo gen timoun oswa si pwopriyete a gen plon. Antanke mèt pwopriyete a, ou responsab pou w korije danje ki lye ak penti plon nan kay la.

Si ou refize lwe oswa mete yon moun deyò paske yo gen timoun oswa paske gen plon nan pwopriyete a, yo konsidere sa kòm diskriminasyon. Si ou fè sa, ou ka tonbe anba pousuit jidisyè. Rele Biwo Lojman Ekitab ak Ekite Boston lan nan 617-635-2500 si ou gen nenpòt kesyon.



617-534-5965



1010 Massachusetts Ave
Boston, MA 02118



boston.gov/bphc-leadpoisoning



leadpoisoning@bphc.org

Mwen gen yon liy sèvis plon nan pwopriyete mwen an. Kisa mwen ta sipoze fè?

Ranplase li ak yon nouvo liy sèvis. Komisyon Dlo ak Tourego Boston (617-989-7888) ap ofri yon prè ki san enterè ansanm ak yon finansman pou w kouvri pri ranplasman an.

Mwen gen penti ki gen plon nan pwopriyete mwen an. Kisa mwen ta sipoze fè?



- 1 Idantifye resous monetè pou w peye pou retire plon. Gen resous pou ede w.
 - Boston San Plon: Ofri sibvansyon, kote se kantite pyès ki nan kay la k ap detèmine montan finansman an. Pou w jwenn plis enfòmasyon, rele 617-635-0190.
 - Kredi Taks Pou Retire Penti Ki Gen Plon MA: Avèk yon lèt Konfòmite Pou Retire Plon ki Total, ou ka jwenn yon kredi taks lè ou ranpli taks eta ou a pou chak pyès yo retire plon ladan l. Pou w jwenn plis enfòmasyon, rele 617-887-6367.
 - Get the Lead Out: Ofri finansman pou ti depans pou retire penti ki gen plon. Pou w jwenn plis enfòmasyon, rele 617-843-6432.
 - Pou w jwen plis resous finansye, gade sitwèb Pwogram Prevansyon Kont Anpwazònman ak Plon Lakay Timoun Massachusetts sou mass.gov/info-details/learn-about-financial-assistance-for-deleading.
- 2 Anvizaje pou w fè l poukont ou. Pou l konfòme l ak lalwa, mèt pwopriyete yo dwe retire oswa kouvri tout danje ki ka blese tèt nan kay la. Mèt pwopriyete ki resevwa fòmasyon epi ki otorize ka fè travay pou retire plon ki prezante yon risk ki fèb oswa ki modere. Aprann plis lè w vizite www.mass.gov/deleading-on-my-own.
- 3 Anboche yon pwofesyonèl ki byen resevwa fòmasyon epi ki sètifye pou retire plon. Gade lis pwofesyonèl ki sètifye pou retire plon an sou mass.gov/finding-and-removing-lead.



Moun ki pa gen fòmasyon ki apwopriye a ka mete rezidan yo a risk pou ekspozisyon ak plon.

Rele Komisyon Sante Piblik Boston an nan 617-534-5965 oswa Depatman Nòm Travay 617-626-6975 si ou gen enkyetid sou travay san otorizasyon yo te fè.